

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Nurutkeun Isnéndés (2008, kc. 1), kecap *sastra* asalna tina kecap Sangsakerta; *sas* jeung *tra*. *Sas* téh hartina ngarahkeun *Tra* mangrupa kecap ahiran nu biasana nuduhkeun alat; pakakas; sarana (*device*). Jadi sastra téh nya éta pakakas pikeun miwulang; buku pituduh; buku intruksi atawa buku pangajaran. Iskandarwassid (2003, kc. 135) nétélakeun, yén sacara umum wangun karya sastra téh kabagi jadi tilu bagian, nya éta (1) wangun ugeran (puisi), (2) wangun lancar (prosa), jeung (3) wangun paguneman (drama). Dumasar kana warnana, karya sastra anu kaasup wangun ugeran (puisi) di antarana: mantra (jangjawokan, singlar, asihan, jampé), kakawihan, sisindiran (rarakitan, paparikan, wawangsalan), sair, pupuh, guguritan, jeung carita pantun. anu kaasup wangun lancar (prosa) di antarana: dongéng, skétsa, carita pondok, roman, jeung novel.

Nurutkeun Iskandarwassid (2003, kc. 153), anu disebut struktur dina karya sastra téh nya éta corak rakitan (susunan) komponén-komponén karangan nepi ka ngahasilkeun wujud karya sastra; gembleung tur boga ma'na. Ajip Rosidi (dina Koswara, 2007, kc. 36) nétélakeun, yén carpon atawa carita pondok mangrupa hiji bungkeuleukan ide, anu nyangkaruk dina kasinggetan jeung padetna carita anu lengkep, singget jeung buleud. Carita pondok nya éta karya (tinulis) rékaan atawa fiksi dina wangun lancar atawa disebut prosa naratif. Caritana rélatip basajan lantaran jumlah kajadian caritana henteu réa tuluy museur kana hiji kajadian nu mangrupa hiji “épisode”, sarta palakuna ogé ngan ukur dua atawa tilu. Ku lantaran kitu, carita pondok téh caritana rélatip pondok, umumna mah jejer, latar (*setting*), jeung kajadian carita téh diolah dina alam kiwari. Dina prosa, umpamana ngaréka unsur-unsur téma, plot, latar, jeung tokoh nepi ka bisa ngawujud jadi novél atawa carita pondok (Iskandarwassid, 2003, kc. 113). Isnéndés (2010, kc. 29) nétélakeun, yén carpon téh karangan tinulis fiksi atawa rékaan nu galur caritana rélatip basajan. Éta hal lantaran jumlah kajadian caritana henteu réa; museur kana hiji kajadian, tur palakuna saukur dua atawa tilu urang.

Carpon *Dukun Lepus* karya Ahmad Bakri miboga ajén-ajén jeung amanat anu aya mangpaatna. Salasahijina, upama dijadikeun objék panalungtikan anu hasilna bisa pikeun alternatif bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMA kelas XI. Pikeun maluruh Carpon *Dukun Lepus* karya Ahmad Bakri, panalungtik ngagunakeun pamarekan struktural. Stanton (dina Isnéndés, 2008, kc. 29) nétélakeun yén unsur-unsur karya sastra diwangun ku: 1) téma carita; 2) fakta carita (alur, tokoh, latar); jeung 3) sarana carita (sudut pandang, gaya basa jeung suasana, simbol-simbol, imaji).

Panalungtikan saméméhna anu nalungtik objék ngagunakeun ulikan struktural sarta hasilna dilarapkeun kana bahan pangajaran, nya éta skripsi “Analisis Struktural jeung Semiotik dina Novél *Sudagar Batik* Karya Ahmad Bakri pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMA ku Élsye Priandini (2015), skripsi “Ulikan Struktural jeung Ajén Moral dina Novél *Anjar Lawan Raja Bangsat* karya Achmad Rustandi pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMA kelas XI ku Érik Ériansyah (2017), skripsi “Struktur Carita jeung Ajén Moral dina Novél *Kakarén Révolusi* Karya Tatang Sumarsono pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA kelas XI” ku Yanwar Achmad Najih (2015), skripsi “Analisis Struktur jeung Ajén Moral dina Kumpulan Naskah Drama *Kalangkang Urang Karya Arthur S.Nalan*” ku Wulan Nur Eryanti (2015), skripsi “Ulikan Struktural jeung Ajén Moral dina Kumpulan *Carpon Sanggeus Umur Tunggang Gunung* Karya Usép Romli H. M. pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP” ku Pépy Sri Anjarsari (2015), skripsi “Ajén Moral dina Kumpulan Carpon *Paguneman jeung Fir'aon* Karya Usép Romli H. M. pikeun Bahan Pangajaran Maca Carpon di SMP Kelas VIII” ku Angga Kusumah Sudrajat (2016), jeung skripsi “Ulikan Struktur jeung Ajén Moral dina Kumpulan Carpon *Dua Wanoja* Karya Chyé Rétty Isnéndés pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP” ku Agung Cahya Nugraha (2017). Sanajan sarua nalungtik ngeunaan struktural jeung bahan pangajaran, anu ngabédakeun ieu jeung panalungtikan saméméhna nya éta objék nu ditalungtikna. Ku kituna, ieu panalungtikan miboga judul “Carpon “Koper” dina Kumpulan Carpon *Dukun Lepus* karya Ahmad Bakri pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMA Kelas XI (Ulikan Struktural)“.

Aya opat mangpaat anu bisa dicokot tina diajar sastra, nya éta ngaronjatkeun kaparigelan basa, ngaronjatkeun pangaweruh budaya, mekarkeun rasa karsa, jeung ngabentuk watek. Pangajaran sastra miboga pangaruh anu gedé dina ngahontal rupa-rupa aspék dina tujuan *pendidikan* jeung pangajaran, saperti aspék pendidikan susila, sosial, rasa, sikep ngajén, jeung kaagamaan. Kanyataan éta nyarankeun yén prosés pangajaran sastra di sakola alusna mah dipidangkeun dina bentuk aprésiasi, hartina leuwih ngutamakeun atawa ngaheulakeun kagiatan aprésiasi tibatan pangaweruh sastrana (Rohinah 2011, kc. 111).

Kamampu nulis carpon nu dipiboga siswa henteu sarua. Pikeun sabagian siswa, nulis atawa ngarang tulisan mangrupa hal anu hésé. Aya sababaraha siswa, nalika dibéré pancén pikeun ngarang, manéhna ngerjakeun sakahayang. Contona nalika guru méré pancén ka siswa, pikeun nulis hiji carita, siswa teu bisa nangtukeun gagasan tina éta tulisan.(Herda spk, 2015)

Hasil tina panalungtikan ieu dipiharep bisa jadi alternatif bahan pangajaran sastra di SMA, sabab luyu jeung salah sahiji KIKD Pangajaran *Bahasa dan Sastra Sunda berbasis kurikulum* 2013 di jenjang SMA/SMK/MA/MAK kelas XI anu eusina:

**Tabél 1.1**  
**Tabél KIKD SMA Kelas XI**

<b>KOMPETENSI INTI 3 (PENGETAHUAN)</b>	<b>KOMPETENSI INTI 4 KETERAMPILAN</b>
3.2. Menganalisis isi, struktur, dan unsur kebahasaan carita pondok.	4.2. Menulis carita pondok sederhana dengan memperhatikan struktur dan kaidah kebahasaan.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan nu dipedar, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah tanya saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur téma, fakta carita jeung sarana carita carpon “koper” dina kumpulan carpon *Dukun Lepus* karya Ahmmad Bakri?

- 2) Kumaha larapna hasil analisis struktur carpon “koper” dina kumpulan carpon *Dukun Lepus* karya Ahmad Bakri pikeun alternatif bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMA Kelas XI?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Luyu jeung kasang tukang katut rumusan masalah anu geus diébréhkeun di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan sacara umum jeung husus.

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta pikeun maluruh tur ngaguar struktur carpon *Dukun Lepus* karya Ahmad Bakri ngagunakeun pamarekan struktural nu dipatalikeun jeung alternatif pangajaran di SMA kelas XI.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) struktur (téma, karakter palaku, galur, latar, puseur sawangan, gaya basa, jeung amanat) dina kumpulan carpon *Dukun Lepus* karya Ahmad Bakri.
- 2) nyusun hasil analisis struktural dina kumpulan carpon *Dukun Lepus* karya Ahmad Bakri pikeun dijadikeun alternatif bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMA kelas XI.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Ieu panalungtikan dipalar bisa méré mangpaat sacara tioritis jeung praktis, saperti ieu di handap.

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Mangpaat dina ieu panalungtikan nya éta ngeuyeuban dunya paélmuan ngeunaan sastra, jeung mekarkeun élmu pangaweruh ngeunaan unsur-unsur karya sastra nu ngawengku 1) téma carita, 2) fakta carita, jeung 3) sarana carita nu nyangkaruk dina kumpulan carpon *Dukun Lepus* karya Ahmad Bakri. Sarta mekarkeun pangaweruh ngeunaan aprésiasi sastra.

#### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Mangpaat dina ieu panalungtikan, nya éta saperti ieu di handap.

- 1) Pikeun *alternatif* bahan pangajaran di sakola, hususna keur tingkat SMA/SMK/MA.
- 2) Pikeun anu nalungtik, bisa nambahan pangaweruh ngeunaan analisis struktural.
- 3) Pikeun lembaga kasundaan, bisa ngeuyeuban hasil panalungtikan sastra Sunda tur jadi dokuméntasi dina kamekaran sastra Sunda.
- 4) Pikeun ngarojong tarékah ngaaprésiasi kumpulan carpon *Dukun Lepus* karya Ahmad Bakri.

### 1.5 Raraga Tulisan

Ieu panalungtikan kabagi kana sababaraha bab, nya éta bab I, bab II, bab III, bab IV, jeung bab V.

Bab I bubuka, medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, sarta wangenan jeung raraga tulisan.

Bab II ulikan pustaka, medar ngeunaan tiori-tiori nu dijadikeun tatapan panalungtikan, sarta nangtukeun posisi masalah nu ditalungtik dina hiji widang paélman. Ieu bab ogé minangka kajian pustaka, anu fungsina pikeun dadasar tioritik dina nyusun rumusan masalah sarta tujuan panalungtikan. Dina kajian pustaka, panalungtikan matalikeun masalah nu keur ditalungtik jeung tiori-tiori nu geus aya: hasil tina panalungtikan nu dilakukeun ku para ahli.

Bab III métode panalungtikan, medar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, téknik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV hasil pedaran atawa eusi, medar ngeunaan hasil panalungtikan, nya éta analisis data, nu patali jeung rumusan masalah sarta tujuan panalungtikan, jeung pedaran inti atawa analisis nu dipatalikeun jeung tiori-tiori dina bab II.

Bab V kacindekan jeung saran, eusina ngadéskripsikeun kacindekan hasil panalungtikan jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna.

